# GENDER TÁRBIYASI TEŃLIK HÁM TURAQLILIQ FAKTORI SIPATINDA

**Jumanazarova Gúljayna Asqar qızı**
Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti studenti.

https://doi.org/10.5281/zenodo.15319411

***Annotaciya.*** *Bul maqalada gender tárbiyasınıń jámiyet rawajlanıwındaǵı áhmiyeti, teńlik hám turaqlılıq faktorı sıpatındaǵı róli talqılanadı. Gender tárbiyası arqalı jámiyet aǵzalarınıń sanasında teńlik ideyaların qáliplestiriw, stereotiplerdi joq etiw hám sociallıq turaqlılıqtı támiyinlew máselesi qozǵaladı. Maqalada genderlik teńlikti támiyinlew arqalı jámiyettiń demografiyalıq hám ekonomikalıq turaqlılıǵın bekkemlew múmkinshilikleri ilimiy jaqtan tiykarlanǵan.*

***Gilt sózler:*** *Gender, tárbiya, teńlik, turaqlılıq, jámiyet, rawajlanıw, stereotipler, sociallıq juwapkershilik, bilim beriw sisteması, integrallasqan jantasıw.*

## GENDER TARBIYASI VA DOIMIYLIK FAKTORI SIFATIDA

***Annotatsiya.*** *Ushbu maqolada gender tarbiyasining jamiyat taraqqiyotidagi ahamiyati, tenglik va barqarorlik omili sifatidagi o'rni muhokama qilinadi. Gender tarbiyasi orqali jamiyat a'zolari ongida tenglik g'oyalarini shakllantirish, stereotiplarni bartaraf etish va ijtimoiy barqarorlikni ta'minlash masalasi ko'tariladi. Maqolada gender tenglikni ta'minlash orqali jamiyatning demografik va iqtisodiy barqarorligini mustahkamlash imkoniyatlari ilmiy asoslangan.*

***Kalit so'zlar****: Gender, tarbiya, tenglik, barqarorlik, jamiyat, rivojlanish, stereotiplar, ijtimoiy mas'uliyat, bilim berish tizimi, integrallashgan yondashuv.*

## GENDER EDUCATION AND AS A FACTOR OF PERMANENCE

***Abstract.*** *This article discusses the importance of gender education in the development of society, its role as a factor of equality and stability. Through gender education, the issue of forming ideas of equality in the minds of members of society, eliminating stereotypes, and ensuring social stability is raised. The article scientifically substantiates the possibilities of strengthening the demographic and economic stability of society by ensuring gender equality.*

***Keywords:*** *Gender, upbringing, equality, stability, society, development, stereotypes, social responsibility, education system, integrated approach.*

Házirgi zaman jámiyetinde gender máselesi barlıq sociallıq, ekonomikalıq hám siyasiy proceslerde áhmiyetli ról atqarmaqta. Gender tárbiyası - bul tek ǵana hayal hám erkeklerdiń huqıqları hám imkaniyatları teńligi haqqında emes, al pútkil jámiyettiń rawajlanıw baǵdarı, civilizaciyalıq dárejesi hám demografiyalıq turaqlılıǵın belgilewshi faktor bolıp tabıladı.

Qaraqalpaqstanda gender tárbiyası máselesi óz gezeginde milliy qádiriyatlar, tariyxıy dástúrler hám zamanagóy talaplar tutasqan noqatta júzege keledi. Bul maqalanıń tiykargı maqseti - gender tárbiyasınıń jámiyet turaqlılıǵındaǵı rólin, sociallıq teńlikti támiyinlewdegi áhmiyetin keńnen ashıp beriw. Gender tárbiyası máselesi xalıqaralıq kólemde aktual máselelerden biri bolıp tabıladı. BMSh-nıń "Turaqlı rawajlanıw maqsetleri" arasında 5-maqset "Gender teńligin támiyinlew hám barlıq hayallar menen qızlardıń húkimeti menen imkaniyatların keńeytiw" dep belgilengen.

Bul maqsetti ámelge asırıw ushın gender tárbiyasına tiykarlanǵan kompleks ilajlar ámelge asırılıwı talap etiledi.

Gender tárbiyası - shaxstı qáliplestiriw processinde, jınısqa baylanıslı sociallıq róllerdi durıs túsiniw hám qabıl etiw, jınıslar arasındaǵı óz-ara húrmet hám teńlik qatnasların qáliplestiriwge baǵdarlanǵan tárbiya usılı bolıp tabıladı.

Gender tárbiyasınıń tiykargı prıncıpleri:

- Jınslar arasındaǵı teńlik ideyasın qáliplestiriw
- Stereotiplerden erkin pikirlewdi rawajlandırıw
- Shaxs erkinligin hu'rmetlew
- Sociallıq juwapkershilik sezimlerin qáliplestiriw
- Jınısqa tiyisli stereotiplerdi sınǵa alıw
- Ádep-ikramlılıq qádiriyatlarına tiykarlanıw

Gender tárbiyası ilimiy jaqtan bir neshe bólimlerde analiz etiliwi múmkin:

**Psixologiyalıq aspect.** Gender tárbiyasında shaxstıń psixologiyalıq rawajlanıwı áhmiyetli ról oynaydı. Jaslardıń gender identifikaciyanı qáliplestiriw procesinde, olardıń psixologiyalıq salamatlıǵı, óz-ózin durıs bahalaw hám jámiyette óz ornın tabıw múmkinshilikleri jaqsılanadı.

Gender stereotiplerinen azat bolǵan balalar kóbirek kreativ pikirlew, qábiletlerin tolıq ashıw hám tańlawda erkin bolıw imkaniyatlarına iye boladı.

**Pedagogikalıq aspect.** Bilim beriw hám tárbiya processinde gender tárbiyasın integrallastırıw arqalı oqıwshılardıń jınısına emes, al olardıń qábiletleri hám qızıǵıwshılıqlarına qarap baǵdar beriw támiyinlenedi. Oqıw dástúrleri hám sabaqlıqlarda gender stereotiplerinen qashıw, qızlar hám ullar ushın teń imkaniyatlardı jaratıw pedagogikalıq jantasıwdıń tiykargı principleri bolıp tabıladı.

**Sociologiyalıq aspect.** Jámiyettegi gender qatnasları sociallıq institutlardıń jumısına, ekonomikanıń rawajlanıwına hám demografiyalıq jaǵdayına tásir etedi. Gender tárbiyası arqalı jámiyettegi sociallıq róllerdi qayta kóriw, hayallar hám erkeklerdiń huqıqları men imkaniyatların teńlestiriw processteri júz beredi.

Shańaraqta gender tárbiyası

- Ata-analar ushın gender tárbiyası boyınsha seminarlar ótkeriw
- Shańaraqta úy jumısların ádalatlı bólistiriw mádeniyatın qáliplestiriw
- Balalar oyınları hám oyınshıqların tağdırlawda gender stereotiplerinen qashıw
- Qız hám ul balalar arasında teń múnásibette tárbiyalaw

Shańaraqta gender tárbiyasınıń durıs ámelge asırılıwı nátiyjesinde balalar sociallıq róllerdi teń qabıl etiw, bir-biriniń pikirin húrmetlew hám birgelikte jumıs islewge úyrenedi. Gender teńsizlik demografiyalıq krizislerge alıp keliw múmkin. Mısalı, ayırım Aziya ellerinde qız balalardı kem kóriw nátiyjesinde erkekler hám hayallar proporciyası buzılğan, bul bolsa demografiyalıq hám sociallıq mashqalalarğa sebep bolmaqta. Gender teńligi támiyinlengen jámiyette shaxslar arasındağı konfliktler azayadı, sociallıq qatnaslar garmoniyası rawajlanadı, zorlıq-zombılıq kórinisleri kemeyedi.

Jámiyetlik baylıqlardı ádalatlı bólistiriw

- Hayallar hám erkekler ushın teń miynet haqı beriledi
- Sociallıq qorğaw sisteması jetilistiriledi
- Múlk huqıqları teń dárejede qorğaladı
- Pensiya fondları hám sociallıq támiynat sisteması jetilistiriledi

Gender tárbiyasın ámelge asırıw ushın bir neshe mashqalalar hám qıyınshılıqlar bar: Jámiyette qáliplesken stereotiplerdi ózgertiw qıyın process. Ásirese "erkeklerge tán" hám "hayallarğa tán" dep bólingen sociallıq róller, kásiplerdiń bóliniwi, oy-pikirlerdi jeńiw ushın uzaq waqıt hám sistemalı jumıs talap etiledi.

Ayırım dástúrler hám úrip-ádetlerde jınıslar arasındağı qatnaslar patriyarxal kóz-qaraslarğa tiykarlanğan. Dástúrler hám zamanagóy gender teńligi ideyaların garmoniyalastırıw - bul qıyın máselelerden biri.

Gender tárbiyası - bul tek ğana sociallıq teńlik máselesi emes, al ekonomikalıq rawajlanıw, jámiyetlik turaqlılıq hám mámleketlik qáwipsizliktiń de tiykargı faktorlarınan biri bolıp tabıladı.

Házirgi zaman jámiyetinde gender tárbiyasına itibar qaratpay turıp, rawajlanğan hám demokratiyalıq mámleket qurıw múmkin emes.

Elimizdiń keleshegi ushın gender teńligi ideyaların jámiyetlik sananıń bir bólegi etip qáliplestiriw, balalardı kishi jaslarınan baslap gender stereotiplerinen erkin tárbiyalaw, sociallıq teńlik hám ádalatlıq principlerin sińdiriw - bul házirgi dáwir talabı hám kelashekke qaratılğan investiciya bolıp tabıladı.

Gender tárbiyası arqalı jámiyet rawajlanıwınıń turaqlılıǵın támiyinlew, sociallıq-ekonomikalıq ómirge jol ashıw hám jámiyet aǵzalarınıń baxıtlı turmıs keshiriwine sharayat jaratıw múmkin. Gender teńligin qollap-quwatlaw arqalı, jámiyet rawajlanıwınnıń jańa basqıshlarına kóteriliwge múmkinshilik tuwıladı.

**REFERENCES**

1. Turemuratova, Aziza, Rita Kurbanova, and Barno Saidboyeva. "EDUCATIONAL TRADITIONS IN SHAPING THE WORLDVIEW OF YOUNG PEOPLE IN FOLK PEDAGOGY." Modern Science and Research 2.10 (2023): 318-322.
2. Jarilkapovich, Matjanov Aman. "USE OF PEDAGOGICAL METHODS BASED ON THE MODERN EDUCATIONAL PROGRAM TO INCREASE THE EFFECTIVENESS OF EDUCATION." European International Journal of Pedagogics 4.06 (2024): 26-33.
3. Jarilkapovich, Matjanov Aman. "Program Technology for Choosing an Effective Educational Methodology Based on Modern Pedagogical Research in The Educational System." CURRENT RESEARCH JOURNAL OF PEDAGOGICS 6.02 (2025): 30-33.
4. Kurbanova, R. J., and B. E. Saidboeva. "MAKTAB VA OILADA ESTETIK TARBIYANI SHAKLLANTIRISH JARAYONIDA O'QUVCHILARNING AKSIOLOGIK DUNYOQARASHINI RIVOJLANTIRISH." Inter education & global study 9 (2024): 114-121.
5. Jarasovna, Kurbanova Rita. "The Role of National Values in Shaping the Aesthetic Worldview of Schoolchildren." International Journal of Pedagogics 5.03 (2025): 55-58.
6. Aziza, Turemuratova. "KONFLIKT VA UNING KELIB CHIQISH SABABLARI." Новости образования: исследование в XXI веке 3.32 (2025): 457-459.
7. Begibaevna, Turemuratova Aziza. "PSYCHOLOGICAL CONFIDENTIALITY OF THE FORMATION OF STUDENTS'COLLABORATIVE SKILLS BASED ON MULTI-VECTOR APPROACHES IN EDUCATION." (2025).
8. Turemuratova, Aziza, To'tijon Saidova, and Oybibi Sotimova. "TALABALAR GURUHLARIDA TRENINGNI TASHKIL ETISH QOIDALARI VA PSIXOLOG-TRENERNING NOTIQLIK MAHORATI." Modern Science and Research 4.4 (2025): 145-151.
9. Turemuratova, Aziza, Liza Xojanazarova, and Nodira Qurolboyeva. "THE PSYCHOLOGICAL TRAINER'S PUBLIC SPEAKING SKILLS AND ATTITUDE

TOWARDS A GROUP OF STUDENTS IN A COLLABORATIVE SITUATION." Modern Science and Research 4.4 (2025): 111-116.

10. Turemuratova, Aziza, Qoniratbay Bazarbaev, and Laylo Kurbanova. "THE CONCEPT OF PSYCHOLOGICAL TRAINING GROUPS AND THE PRACTICE OF GROUP TRAINING FOR A COLLABORATIVE STUDENT TEAM." Modern Science and Research 4.4 (2025): 152-158.